



Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 3
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 3

Ane **8**

13–17 Mas 2006

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Fich Revizyon Matematik

FÒMIL

Teyorèm Pitagò



$$c^2 = a^2 + b^2$$

Enterè Senp

$$I = prt$$

Distans Fòmil

$$d = rt$$

KONVÈSYON

Konvèsyon Tanperati

$$F = \frac{9}{5}C + 32$$

$$C = \frac{5}{9}(F - 32)$$

Konvèsyon Mezi

$$1 \text{ mil} = 5.280 \text{ pye}$$

$$1 \text{ yad} = 3 \text{ pye}$$

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk

34

Tablo anba a prezante pri twa pake ki genyen dimansyon diferan epi ki genyen menm kalite bonbon.

BONBON

Pake	Pwa (an ons)	Pri Pake	Pri Bonbon (pa ons)
A	8	\$1,60	
B	10	\$1,80	
C	12	\$2,04	

Komplete tablo a pou detèmine ki pake ki genyen bonbon pi piti pri a pa ons.


Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

35

Pat trase triyang ki anba a.



[pa trase selon echèl la]


Èske triyang Pat la se yon triyang rektang? Sèvi ak teyorèm Pitagò a pou pwouve si triyang li an se yon triyang rektang.

Montre travay ou.

Sou liy ki anba yo, eksplike pou kisa repons ou kòrèk.

36

Nan dyagram ki anba a, dwat l ak k paralèl.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki valè x ?

Montre travay ou.

Repons _____


Pati B

Ki mezi $\angle ABC$ an degre?

Repons _____ degre

Kontinye

Pentagòn ABCDE trase sou kadriyaj ki anba a.



Sou kadriyaj la, trase yon translasyon pentagòn ABCDE senk inite anba.

Asire ou

- trase figi translate a
- mete etikèt sou pentagòn translate $A'B'C'D'E'$

Ki kowòdone pou pwen A' ?

Repons (____ , ____)

38

Rezoud pou y nan ekwasyon ki anba a.

$$-2y + 11 = -6y + 35$$

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

39

Ben vle achte yon gita. Pri nòmral gita a se \$329,99. Pri lavant gita a gen yon rabè 25% sou pri nòmral la.

Pati A

Ki pri lavant gita a?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Pati B

Ben dwe peye 7,25% taks alacha anplis pri lavant gita a. Ki kantite total lajan Ben dwe peye pou gita a?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

40

Jenny's Gift Shop vann bouji nan divès kalite pake. Pri pou chak bouji menm nan chak pake. Yon pake 8 bouji koute \$12,96. Ekri yon pwopòsyon ki ka itilize pou detèmine pri yon pake 3 bouji.

Pwopòsyon _____

Rezoud pwopòsyon ou pou detèmine pri yon pake 3 bouji.

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

41

Rezoud pou x nan ekwasyon ki anba a.

$$8(2x - 3) = -16$$

Montre travay ou.

Repons _____

42

Carlotta fè yon eksperyans sou to kwasans bakteri yo. Tablo ki anba a prezante rezilta li yo.

KWASANS BAKTERI

Kantite Èdtan (h)	Kantite Bakteri (b)
0	20
1	56
2	92
3	128

Ekri yon règ fonksyon pou kantite bakteri, b , apre h èdtan.

Repons _____

Ki kantite bakteri k ap genyen apre 5 èdtan?


Montre travay ou.

Repons _____ bakteri

Kontinye

43

Melissa trase figi a sou kadriyaj yo montre anba. Trase refleksyon figi sa a nan aks x la. Mete etikèt sou kouwòdone chak pwen ki nan nouvo figi.



Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te detèmine refleksyon figi a.

Heather te wè yon pano ki fè reklam pou yon lavant nan The Dress Place.



Li epaye lajan pou achte yon wòb ki koute \$80,00 nòmalman. Zanmi Heather a, Sarah, di li bezwen ant \$40,00 ak \$60,00 pou achte wòb la nan pri lavant lan.

Sou liy ki anba yo, eksplike si estimasyon Sarah a kòrèk.

Kontinye

45

Chelsea bezwen 16 ons lèt pou yon resèt. Li genyen sèlman yon tas mezi $\frac{1}{4}$ -tas. Konbyen fwa li dwe plen tas mezi $\frac{1}{4}$ -tas la pou mezire 16 ons lèt?

1 tas = 8 ons likid

Montre travay ou.

Repons _____ tab

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 8
Matematik
Liv 3

Grade 8
Mathematics
Book 3